**दिन—सोमवार** **दिनांक—24.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभा मे बान्ह परियोजनाक विस्थापित आओर समाजक कमजोर वर्ग सभ के आरक्षण नहि देब सहित कतेको आनो—आन मुद्दा के लऽकऽ सदन मे विपक्षी दल सीपीआई माले आओर राष्ट्रीय जनता दलक सदस्य सभ हल्ला—गुल्ला कयलनि। सदनक कार्यवाही शुरू होयतहिं मालेक सदस्य सत्यदेव राम सहित हुनक पार्टीक कतेको विधायक सभ सदनक बिचो—बिच आबि कऽ हल्ला—गुल्ला करय लगलाह। हल्ला—गुल्लाक बीच सदनक कार्यवाही चलल।

---

विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव जनौलनि जे केन्द्र सरकार बजट मे बिहारक उपेक्षा कयलक अछि। श्री यादव जनौलनि जे नीति आयोगक रिपोर्टक अनुसार बिहार सभ सँ गरीब राज्य अछि। ओ जनौलनि जे आइ राज्य मे बेरोजगारीक कारण युवा सभक पलायन जारी अछि। ओतहि, शिक्षा, स्वास्थ्य, निवेश आओर उद्योगक क्षेत्र मे सेहो राज्य पिछड़ल अछि। श्री यादव आरोप लगबैत जनौलनि जे राज्यक एनडीए सरकार भ्रष्टाचार आओर अपराध पर लगाम लगाबय मे विफल साबित भऽ रहल अछि। एम्हर, विधान परिषद मे प्रतिपक्षक नेता राबड़ी देवीक नेतृत्व मे राजदक पार्षद सभ राज्य मे कानून व्यवस्थाक मुद्दा पर नीतीश सरकारक खिलाफ विरोध प्रदर्शन कयलनि।

---

उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा आइ विधानसभा मे जनौलनि जे उद्यमी सभ लेल राज्य मे जमीनक कोनो कमि नहि अछि। श्री मिश्रा जनौलनि जे सभ अड़तीस जिला सँ औद्योगिक क्षेत्रक विकास लेल उनैस हजार आठ सय तिहत्तरि एकड़ सँ बेसी जमीन अधिग्रहणक प्रस्ताव भेटल अछि। ओ जनौलनि जे राज्य सरकार जिला मे औद्योगिक क्षेत्रक विकास लेल सदिखन काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे लालू प्रसाद कखनो अपन पुत्र तेजस्वी प्रसाद यादव के मुख्यमंत्री नहि बना पौताह। श्री सिन्हा आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे लालू परिवारक भ्रष्टाचारक कारण राज्यक विकास बाधित भेल अछि आओर युवा सभ के पलायन लेल मजबूूर होमय पड़ल। ओ जनौलनि जे आइ नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीए सरकार राज्यक चहुँमुखी विकास लेल सदिखन काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री आवास योजना मे आइ राज्यक पचहत्तरि हजार सँ बेसी लाभार्थी सभक बिच पहिल किस्त बांटल गेल। श्रवण कुमार पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री आवास योजना, ग्रामीण मे पचहत्तरि हजार दू सय पंचानवे लाभार्थी सभ के चालीस हजार टाकाक पहिल किस्त देलनि। ग्रामीण विकास विभागक मंत्री जनौलनि जे एहि पर तीन सय एक करोड़ अठारह लाख टाका खर्च भेल अछि। ओ जनौलनि जे सरकार गरीब आओर बेघर परिवार सभ के पक्का मकान देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक दस हजार सँ बेसी शिक्षक सभक बदलि कयल गेल अछि। बिमार आओर दिव्यांग सहित विशेष समस्या सँ ग्रसित छओ श्रेणीक शिक्षक सभक बदलि कयल गेल अछि। एहि सँ दोसर जिला मे पदस्थापित शिक्षक सभके सेहो लाभ भेटल अछि।

———————————————————————————

सी.बी.आई पन्द्रह लाख टाका घूस लैत भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरणक महाप्रबंधक सहित चारि आरोपी आओर एक निजी कम्पनीक महाप्रबंधक सहित तीन लोक के गिरफ्तार कयलक अछि। एहि बिच, आरोपीक ठेकान सँ एक करोड़ अठारह लाख पचासी हजार टाका जब्त कयल गेल अछि। ई छापा पटना, मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर, बेगुसराय आओर पूर्णियाक संग–संग रांची आओर वाराणसी मे आरोपीक ठेकान पर मारल गेल।

——————————————————————————

आइ विश्व तपेदिक दिवस अछि। टीबीक दुष्प्रभावक बारे मे जागरूक करब आओर वैश्विक स्तर पर एकर उन्मूलनक प्रयास के तेज गति देबाक लेल हरेक वर्ष चोबीस मार्च कऽ ई दिवस मनाओल जाईत अछि। वर्ष उनैस सय बेरासी मे डॉक्टर रॉबर्ट कोच टीबीक बैक्टीरियाक खोज कयने छलाह। केन्द्र सरकार देश मे टीबी उन्मूलन लेल कतेको डेग उठौलक अछि। राज्यक तीन सय चौबालीस पंचायत टीबी मुक्त भऽ गेल अछि। विश्व तपेदिक दिवसक मौका पर आइ नव दिल्ली मे आयोजित कार्यक्रम मे केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा राज्यक ई सभ पंचायत के अधिकारिक रूप सँ टीबी मुक्त पंचायत घोषित कयलाह। एहि मौका पर एकैस जिलाक यक्ष्मा पदाधिकारी सभ के सेहो सम्मानित कयल गेल।

——————————————————————————

बिहार दिवस समारोहक आइ अंतिम दिन अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां किछु काल पहिने पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित समापन समारोह के संबोधित कयलाह। एहि बीच कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रम भऽ रहल अछि।

——————————————————————————

समाप्त